

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

A. Kacindekan

Sanggeus nganalisis paguneman dina Barakatak *Manglé* édisi Juli – Agustus 2010 nu bisa dijadikeun bahan ajar maca pikeun SMP kelas VII, aya sababaraha hal anu perlu dicindekkeun.

Tina analisis nangtukeun topik jeung cara mekarkeun topik dina Barakatak *Manglé* édisi Juli – Agustus 2010, sadayana aya 178 paguneman nu dianalisis. Ngarah gampang nganalisisna paguneman dikodean saluyu jeung nomer majalah jeung urutan pagunemanana, lantaran aya paguneman nu judulna sarua, tapi eusina béda. Paguneman dianalisis dumasar warna topik na, aya nu kaasup topik salancar, jembar jeung sambung luncat. Nu kaasup kana topik salancar aya 128 (71,91%) paguneman, nu kaasup topik jembar aya 27 (15,17%) paguneman, jeung nu kaasup topik sambung luncat aya 23 (12,92%) paguneman.

Tina paguneman éta bisa dikelompokkeun saluyu jeung topikna séwangséwangan. Kabéh paguneman kabagi kana 12 kelompok nya éta sosial, kaagamaan, hiburan/ média, lokasi, tansportasi, komunikasi, kadaharan, pendidikan, profesi, ekonomi, basa, jeung olahraga. Dina kelompok sosial aya 48 paguneman, dina kelompok kaagamaan aya 33 paguneman, dina kelompok hiburan/ média aya 32 paguneman, dina kelompok lokasi aya 5 paguneman, dina

kelompok transportasi aya 2 paguneman, dina kelompok komunikasi aya 2 paguneman, dina kelompok kadaharan aya 8 paguneman, dina kelompok pendidikan aya 7 paguneman, dina kelompok profesi aya 3 paguneman, dina kelompok ekonomi aya 12 paguneman, dina kelompok basa aya 11 paguneman, jeung dina kelompok olahraga aya 15 paguneman.

Paguneman mangrupa salasahiji alternatif bahan ajar nu bakal ditepikeun ka siswa, di SMP kelas VII utamana aya dina indikator maca. Hasil analisis bisa dijadikeun alternatif bahan ajar maca pikeun pangajaran SMP kelas VII, paguneman dina Barakatak *Manglé* eusina mangrupa bobodoran nu bisa ngahudang sumanget siswa dina diajar basa Sunda. Teu sakabéh bobodoran dina Barakatak *Manglé* bisa dipilih pikeun bahan ajar utamana SMP, ku kituna bahan ajar bisa dipilih tina judul jeung eusi nu saluyu jeung siswa. Bisa ogé dipilih eusi pagunemanana gampang dipikaharti, saluyu jeung kritéria bahan ajar.

B. Rékoméndasi

Saréngséna ngayakeun panalungtikan aya sababaraha saran nu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

1. Jaman kiwari minat kana diajarna kurang, utamana diajar basa Sunda. Pangajaran basa Sunda sok dianggep teu penting tur hésé ngagunakeunna. Guru basa Sunda di jaman kiwari kudu bisa néangan bahan ajar nu ngahudang sumanget siswa tur kudu bisa ngirut siswa dina diajara basa

Sunda. Bisa ku cara néangan bahan ajar nu inovatif, teu ngan ukur kapatok ku buku paket jeung buku panduan lianna.

2. Teu sakabéh bahan ajar nu eusina paguneman bobodoran bisa ditepikeun ka siswa, salaku guru kudu bisa milih-milih nu mana nu bakal ditepikeun. Nu saluyu jeung kaayaan siswa tur pangabutuh siswa kana bahan ajar éta.
3. Lantaran siswa jaman kiwari kurang minat kana pangajaran basa Sunda tur dianggep basa Sunda téh hésé makéna. Perlu aya deui panalungtikan leuwih gemit ngeunaan minat siswa kana pangajaran maca, sangkan urang leuwih apal kumaha kamampuh siswa dina pangajaran maca. Dipiharep ku ayana panalungtikan, guru bisa apal kumaha ngungkulon masalah dina pangajaran maca.

